



Executive Office of Housing and Livable Communities
(Biwo Egzekitif Lojman ak Kominote Vivab)

Resous pou Fanmi ki Rete nan Pwogram Chèltè Familyal Asistans Ijans (EA) oswa sou lis datant lan



Sa ki nan Dokiman sa a

Aksè nan lang pou Resous Mass.gov	2
Limit tan 9 mwa	2
Apèsi : Ki règleman sou kantite ou ka rete?.....	2
Moman: Ki jan fanmi mwen pral konnen lè nou dwe kite abri a?	2
Ekstansyon: Èske fanmi mwen ka rete plis pase 9 mwa?.....	3
Egzansyon Sikorans Difisil: Èske fanmi yo ka jwenn plis pase de ekstansyon 90 jou yo?.....	4
Apèl: Kòman pou mwen fè apèl kont yon refi pwolongasyon oswa egzansyon pou difikilte?	5
Kisa mwen ta dwe fè pou prepare pou m kite abri a?.....	5
Èske fanmi yo ka re-aplike nan EA Family Shelter apre yo fin soti akòz limit 9 mwa a?	5
Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?	5
Pwogram Rechèch Travay ak Fòmasyon Travay.....	6
Pwogram Fòmasyon Apwouve ak Otorize	6
Sant Karyè MassHire	6
Sipò Legal Imigrasyon	8
Ajans Relokalizasyon Yo	8
Kilnik Legal Gratis nan zafè Imigrasyon	8
Lòt Sipò nan zafè Imigrasyon	9
Resous Alimantè	11
Asistans Alimantè (SNAP).....	11
WIC (Pwogram Nitrisyon Fanm, Tibebe, ak Timoun).....	12
Depo Manje	12
Pwogram Lojman yo	13
Resous kominotè.....	14
Kominote Kiltirèl yo	14
Resous pou Manm Fanmi ki gen Andikap Entelektyèl oswa Devlopman.....	14
Sant Resous pou Fanmi yo	14
Òganis Byenfezans nan Zòn nan	14
Plis enfòmasyon	14



Aksè nan lang pou Resous Mass.gov

Ou ka tradui nenpòt resous Mass.gov (resous sou sitwèb Eta a) ki pataje nan pake sa. Yon fwa w sou paj wèb Mass.gov, ale nan ba ble ki anlè paj la. Anndan ba ble a, klike sou 'Chwazi lang' (klike nan jòn anba a). Yon lis pral louvri ak lang ou ka chwazi yo. Zouti tradiksyon sa yo se pwodwi Google Translate.

The screenshot shows the official website of the Commonwealth of Massachusetts. At the top, there's a green bar with the text "An official website of the Commonwealth of Massachusetts" and "Here's how you know". Below this is a blue header bar with "Menu", "Select Language" (which is highlighted with a yellow arrow), "Contrast Settings", "State Organizations", and "Log In to...". The main content area has a "Mass.gov" logo, a search bar with "Search Mass.gov" and "SEARCH" button, and a breadcrumb navigation path: Home > Health & Social Services > Food & Cash Assistance > SNAP benefits (formerly food stamps).

Limit tan 9 mwa

Apèsi : Ki règleman sou kantite ou ka rete?

Lejislati Massachusetts te pase yon nouvo lwa. Fanmi yo ka rete nan pwogram Asistans Ijans pou Abr i Fanmi (EA) pou 9 mwa sèlman . Dapre nouvo lwa a, fanmi yo pral gen 9 mwa pou fè tranzisyon soti nan abri EA a epi antre nan yon lojman k i e stab.

Kilè regleman sa antre an vigè?

- Limit 9 mwa yo pral aplike sou tan. Li pap afekte tout fanmi imedyatman.
- Premye seri avi alekri sou kilè fanmi yo pral bezwen kite abri a pral soti an Jiyè.
- EChak mwa apre sa, yon nouvo gwoup fanmi pral resevwa yon avi alekri ke yo dwe kite abri a.
- Fanmi yo pral resevwa avi pou yo kite abri 90 jou anvan dat yo gen pou yo soti a. Kalite avi ou ka jwenn yo detaye anba a.
- Kantite fanmi w rete a ap baze sou lè fanmi w te antre nan Asistans Ijans ebèjman familyal la (EA).

Kikalite avi ofisyèl fanmi yo pral resevwa?

Nou pral kòmanse voye avi nan kòmansman mwa Jiyè. Lè sa a, fanmi ki rete nan abri pou plis pase 9 mwa ap resevwa youn nan twa avi sa yo:

1. "Ineligible for First 90-day Extension" – (Pa elijib pou Premye Ekstansyon 90 jou): Fanmi w pa kalifye pou yon ekstansyon. Fanmi w ap bezwen kite abri nan 90 jou.
2. "Eligible for First 90-day Extension" - (Elijib pou Premye Ekstansyon 90 jou): Fanmi w te resevwa yon ekstansyon pou 90 jou e yo ka rete nan abri pi lontan. Men, ou toujou gen yon dat pou w kite abri a nan avi a.
3. "Notice of 9-Month Limit – Not Yet Selected For Exit" - (Avi sou Limit 9 Mwa – Poko Chwazi Pou Sòti): Yo pokon seleksyon fanmi w pou revokasyon an. Sa fet se paske politik la ap aplike sou tan. Y ap chwazi fanmi yo pa ti gwoup chak mwa.

Moman: Ki jan fanmi mwen pral konnen lè nou dwe kite abri a?

- Y ap di fanmi yo 90 jou anvan ou bezwen kite abri EA akòz nouvo tan limit 9 mwa a.
- Y ap voye yon imèl pou fanmi yo. Founisè yo pral bay fanmi yo yon kopi papye tou.



- Fanmi ki gen yon adrès imel nan dosye ap resevwa avi rapèl imel. EOHLC pral voye imèl sa yo 40 jou, 20 jou, ak 10 jou anvan dat revokasyon w la. Tanpri asire w ke founisè abri w la gen yon adrès imel aktif pou ou epi asire w ke w tcheke imèl ou yo regilyèman pou jwenn nouvo enfòmasyon ki soti nan EOHLC.

Ekstansyon: Èske fanmi mwen ka rete plis pase 9 mwa?

Fanmi yo ka gen opsyon pou pwolonje rete nan abri yo pou peryòd jiska 90 jou oswa ekstansyon/'extension'. Gade anba a pou kritè yo. Sa vle di gen yon maksimòm de 180 jou ki ka pwolonje tan yon fanmi nan abri. Nan kèk ka, gen yon posibilité pou yon Eksepsyón pou Sikontans DifisiL/'Hardship Waiver' apre de ekstansyon 90 jou yo. Detay yo anba a.

Ki sa fanmi yo dwe fè pou yo jwenn yon pwolongasyon?

- Fanmi yo pa oblige aplike pou ekstansyon tèt yo.
- EOHLC pral revize dènye Evalyasyon Reyamejman pou 60 jou fanmi ou/'60-day Rehousing Assessment (RHA)'. Yo pral deside si w kalifye pou yon ekstansyon ki baze sou RHA ou.
- RHA la se yon dokiman w ap travay avèk Manadjè Ka ou a oswa ajan rechèch Lojman w lan padan youn nan reyinyon Re-Lojman w yo. Yo mete ajou fòmilè RHA la pou mande w si fanmi w satisfè nenpòt nan kritè pwolongman posib yo.
- EOHLC ap di ou nan premye avi 90 jou an a fanmi yo si li te ba ou premye ekstansyon an dapre règ ekstan syon yo.

Ki kritè pou ekstansyon?

EOHLC pral sèvi ak kritè sa yo, ki te kreye pa Lejislati a, pou detèmine ki fanmi ki pral jwenn jiska 2 ekstansyon 90 jou chak. Enfòmasyon kap detemine si fanmi ou kalifye pou yon ekstansyon yo pral rasanble nan yon Evalyasyon Re-Lojman 60-Jou pou fanmi ou.

Yon fanmi ka elijib pou yon ekstansyon si:

- Yon manm fanmi gen yon travay oswa k ap patisipe nan pwogram fòmasyon pou travay. Sa a gen ladan nenpòt pwogram fòmasyon otorize oswa apwouve, jan sa defini nan konsèy Biwo Egzekitif pou Travay ak Developman Mendèv.
- Yon manm fanmi kalifye kòm yon veteran epi li pa enskri nan sèvis ki la espesyalman pou sipòte veteran yo;
- Yo pral mete fanmi an nan yon lojman nan mwa kap vini an;
- Fanmi an vle evite chanjman edikasyonèl pou yon timoun oswa a timoun ki enskri nan lekòl leta;
- Yon manm fanmi an ansent oswa akouche nan 3 dènye mwa yo;
- Yon manm fanmi gen yon andikap dyagnostike oswa yon kondisyon medikal dokimante;
- Yon manm fanmi se yon paran selibatè, bèl paran, gadyen legal oswa moun k ap okipe yon timoun andikape oswa yon manm fanmi.;
- Yon manm fanmi se yon paran selibatè, bopè, gadyen legal oswa moun ki ap okipe timoun ki pa gen ase yon gadri pou jwenn oswa kontinye travay;
- Fanmi an gen yon risk iminan pou l soufri akòz vyolans domestik;
- Yon manm nan fanmi an ki gen 9 an oswa pi piti laj.

Èske fanmi yo oblige soumèt dokiman pou pwolongasyon yo?

- EOHLC ka mande plis dokiman pou konfime kalifikasyon yon fanmi pou yon ekstansyon.



Ki jan posiblité pou de ekstansyon 90 jou yo travay?

Ki jan premye ekstansyon 90 jou a travay?

- Premye desizyon pwolonjman yo pral bay fanmi yo nan premye lèt avi 90 jou a. Fanmi ki resevwa premye ekstansyon an ka elijib pou yon dezyèm ekstansyon si yo kontinye satisfè youn oswa plizyè kritè ekstansyon. Gade anle a.
- EOHL pral detèmine ekstansyon lè l sèvi avèk Eval yasyon Reyamenajman 60 jou fanmi yo ki pi resan. Ou dwe genyen yon Evelyasyon Reyamenajman 60 jou ajou pou resevwa yon ekstansyon.
- Si yon fanmi p a resevwa yon premye ekstansyon, ou gen 14 jou pou travay avèk administratè ka w la pou mete ajou Evelyasyon Reyamanajman an. EOHL pral revize Evelyasyon Reyamenajman an ankò apre 14 jou. Lè sa a, yo pral fè fanmi w konnen desizyon final pou ekstansyon yo. Founisè abri ou a pa detèmine si ou jwenn yon ekstansyon.
- Nou espere ke pifò fanmi ki jwenn yon premye ekstansyon 90 jou pral jwenn tou yon dezyèm ekstansyon 90 jou. Sa fè yon maksimòm de 180 jou nan ekstansyon.

Ki jan fanmi yo ka jwenn yon dezyèm ekstansyon?

- Fanmi yo dwe gen yon Evelyasyon Reyamenajman ki ajou nan dènye 60 jou yo. Si yo satisfè omwen youn nan kritè ekstansyon yo tcheke nan Evelyasyon Reyamenajman an, yo pral ba yo yon dezyèm ekstansyon.

Egzansyon Sikorans Difisil: Èske fanmi yo ka jwenn plis pase de ekstansyon 90 jou yo?

- Fanmi yo ka soumèt pou yon eksepsyón sikorans difisil ('Hardship Waiver') apre yo fin resevwa de ekstansyon.
- Ou dwe soumèt eksepsyón pou sikorans difisil omwen 30 jou anvan dat fanmi w oblige soti nan abri a.
- Si yon fanmi resevwa yon eksepsyón pou sikorans difisil, yo ka rete nan abri pou 120 jou anplis. Kiyès ki ka jwenn yon Eksepsyón pou Sikorans Difisil ('Hardship Waiver')?

Kiyès ki ka jwenn yon Eksepsyón pou Sikorans Difisil ('Hardship Waiver')?

Si fanmi ou gen sèten kondisyon medikal oswa risk sekirite, ou ta ka kalifye pou yon eksepsyón sikorans difisil. Yon pwofesyonèl ap bezwen evalye w poul ka konfime kalifikasyon w. Ou ka aplike sèlman apre ou resevwa dezyèm ekstansyon 90 jou ou a. Nou pral bay enstriksyon lè sa rive.

Fanmi ki satisfè youn oswa plizyè nan kritè sa yo:

- Yon manm nan fanmi an ki gen 9 an oswa pi piti laj;
- Yon manm nan fanmi an ki gen sistem iminite ki feb;
- Yon manm nan fanmi an ki sou twazyèm trimès gwo sès oswa an gwo risk pandan gwo sès la;
- Yon manm nan fanmi an ki bezwen yon trakesomi pou l respire;
- Yon manm nan fanmi an ki an risk iminan pou sibi yon domaj akoz de vyalans domestik oswa enkyetid sou sekirite timoun yo.



Apèl: Kòman pou mwen fè apèl kont yon refi pwolongasyon oswa egzansyon pou difikilte?

Fanmi yo ka fè apèl kont revokasyon benefis abri yo. Fanmi yo ka fè apèl lè pa gen plis opsyon ki disponib pou pwolonje rete abri yo. Ou ka fè apèl si EOHLG voye yon lèt ba ou pou refize w yon ekstansyon oswa yon eksepsyon sikontans difisil.

EOHLG dwe resevwa demann apèl ou a nan lespas 21 jou apre avi w ap fè apèl la, kidonk fok ou soumèt li nan kantite tan sa. Apèl yo ka soumèt pa faks, imèl, oswa lapòs. Fanmi yo dwe voye yon kopi avi w ap fè apèl la ak fòmile apèl la bay:

- Imèl nan OHLCAppeals@mass.gov,
- Faks nan (617) 573-1515, oswa
- Lapòs nan MA HLC Hearings Division c/o LOS Appeals, 100 Cambridge Street, Suite 300, Boston, MA, 02114.

Founisè abri ou a ka ede w soumèt dokiman sa yo.

Kisa mwen ta dwe fè pou prepare pou m kite abri a?

Nou konprann ke deplase soti nan abri nan lojman mande anpil travay. Ou ta dwe travay avèk manadjè ka w la pou prepare w pou w kite abri epi pou w ale nan yon lojman ki estab.

Pwogram HomeBASE ka ede w si w bezwen èd pou w peye depans pou lojman . Ou ka itilize HomeBASE pou peye pou lojman kote fanmi w ap viv poukонт li, ak yon lot moun , oswa ak yon lòt fanmi k ap pataje yon kay.

HomeBASE bay jiska \$30,000 sou 2 ane, ak posiblite pou yon lòt \$15,000 sou yon 3yèm ane a. Ou ka aprann plis lè w pale ak Manadjè Ka w la oswa Espesyalis rechèch Lojman oswa vizite www.mass.gov/HomeBASE.

Èske fanmi yo ka re-aplike nan EA Family Shelter apre yo fin soti akòz limit 9 mwa a?

- Fanmi yo ka re-aplike pou pwogram EA si yo rive nan limit tan 9 mwa yo. Koman yo ka retounen pi rapid nan abri a depann de konbyen moun ki sou lis kontak Asistans Ijans pou abri fanmi (EA) ak pwosesis priyorite ofisyèl la, ki baze sou sante ak sekirite. Sa depann tou de si fanmi w te kite abri nan dat revokasyon yo. (**Plis enfòmasyon: www.mass.gov/ApplyForEA**).
- Fanmi ki pat kite abri nan dat revokasyon yo pa kapab re-aplike pou abri fanmi EA pandam 12 mwa.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Paj Web program lan pral mete ajou regilyèman, kidonk tanpri vizite nou sou yon baz kontinyèl pou plis enfòmasyon www.mass.gov/EAShelterLOS
- Si w bezwen èd pou w konprann règleman an, pale ak anplwaye founisè abri w la.
- Si w bezwen sipò emosyonèl oswa mantal nan moman sa a, ou ka rele 'Call2Talk' nan 508-532- 2255 . Call 2Talk ofri sipò sante mantal ak emosyonèl konfidansyèl ak konpasyon . Li opere 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Tradiksyon disponib.



Pwogram Rechèch Travay ak Fòmasyon Travay

Si w ap chèche travay oswa pwogram fòmasyon travay nan zòn ou an, gen òganizasyon lokal ki ka ede.

Pwogram Fòmasyon Apwouve ak Otorize

Si w déjà ap viv nan yon Chèltè Familyal Asistans Ijans (EA), enskri nan yon Pwogram Fòmasyon "Apwouve" oswa "Otorize" ka ede w jwenn yon pwolongasyon 90 jou pou tan ou nan chèltè a.

Pwogram Fòmasyon Apwouve ak Otorize yo se pwogram ki bay konpetans pou ede w jwenn yon travay. Sant Karyè MassHire (gade anba a) ka ede w jwenn pwogram fòmasyon nan zòn ou an. Opòtinite fòmasyon anplis yo ap devlope an repons a politik sa a.

Egzanp kèk tip pwogram ki ta ka enkli yo se:

- Anglè Preparasyon pou Travay pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL)
- Fòmasyon ki fèt pou endistri ki gen gwo demann tankou:
 - Swen Sante
 - Edikasyon Timoun Piti
 - Faktori avanse
 - Konstriksyon
 - Otelri
 - Lòt endistri espesifik.

Sant Karyè MassHire

Ou ka ale nan yon Sant Karyè MassHire pou jwenn èd pou chèche yon travay oswa jwenn yon pwogram fòmasyon pou travay ki koresponn ak objektif karyè ou.

Vizite yon Sant Karyè MassHire pou:

- Asistans pou rechèch travay;
- Enfòmasyon sou planifikasyon karyè;
- Atelye sou teknik rechèch travay tankou entèvyou, rezo, ak preparasyon CV;
- Done sou mache travay aktyèl la nan tout eta a ak lokalman;
- Resous pou ede w jwenn bon opòtinite fòmasyon; epi
- Zouti pou ede w fè yon rechèch travay efikas.

Pou jwenn sant karyè lokal ou a vizite www.mass.gov/careercenters oswa tcheke lis ki anba a.



Rejyon Komisyon Mendèv la	Kote Sant Karyè a ye	Adrès	Sit Entènèt	Telefòn
Berkshire	Pittsfield	160 North St, 3rd Floor Pittsfield, MA 01201	masshireberkshirecc.com	(413) 499-2220
Boston	Boston	1010 Harrison Avenue Boston, MA 02119	masshirebostoncareerctr.org	(617) 541-1400
	Downtown Boston	75 Federal Street, 3rd Floor Boston, MA 02110	masshiredtownboston.org	(617) 399-3100
Bristol	Fall River	446 North Main Street Fall River, MA 02720	mass.gov/locations/masshire-fall- river-career-center	(508) 730-5000
Brockton	Brockton	34 School Street Brockton, MA 02301	masshiregbcc.org	(508) 513-3400
Cape & Islands	Hyannis	372 North St. Hyannis, MA 02601	masshire-capeandislands.com	(508) 771-5627
Central	Worcester	554 Main St, Suite #300 Worcester, MA 01608	masshirecentralcc.com	(508) 799-1600
	Southbridge	14 Mechanic St., Suite #330 Southbridge MA 01550	masshirecentralcc.com	(508) 765-6430
Franklin Hampshire	Greenfield	101 Munson St., Suite 210 Greenfield, MA 01301	masshirefhcareers.org	(413) 774-4361
Greater New Bedford	New Bedford	25 Elm Street New Bedford, MA 02740	masshiregreaternewbedford.com	(508) 979-1504
Greater Lowell	Lowell	107 Merrimack Street Lowell, MA 01852	masshirelowellcc.com	(978) 458-2503
Hampden	Springfield	95 Liberty Street Springfield, MA 01103	masshirespringfield.org	(413) 858-2800
	Holyoke	850 High Street Holyoke, MA 01040	masshireholyoke.org	(413) 532-4900
Merrimack Valley	Lawrence	420 Common St, 2nd Floor Lawrence, MA 01840	masshiremvcc.com	(978) 722-7000
Metro North	Cambridge	186 Alewife Brook Pkwy, Suite 310, Cambridge, MA 02138	masshiremncareers.com	(617) 661-7867
	Chelsea	4 Gerrish Ave Chelsea, MA 02150	masshiremncareers.com	(617) 884-4333
	Woburn	100 Trade Cntr., Suite G100 Woburn, MA 01801	masshiremncareers.com	(781) 932-5500
Metro Southwest	Norwood	128 Carnegie Row, Suite 109 Norwood, MA 02062	masshiremsw.com	(781) 269-5494
	Framingham	39 Grant St. Framingham, MA 01702	masshiremsw.com	(508) 861-7993
North Central	Leominster	100 Erdman Way Leominster MA 01453	masshirenorthcentralcc.com	(978) 534-1481
North Shore	Salem	70 Washington St., 1st Floor Salem, MA 01970	masshire-nscareers.org	(978) 825-7200
South Shore	Quincy	1515 Hancock St., Suite 101 Quincy, MA 02169	masshiress.com	(617) 745-4000



Sipò Legal Imigrasyon

Biwo MA pou Refijye ak Imigran (ORI) pran angajman pou ankouraje patisipasyon konplè refijye ak imigran nan kominote nou yo. Si ou bezwen èd pou pwoblèm ki gen rapò ak imigrasyon, pèmi travay, oswa sitwayènte, gen òganizasyon ki ka ede. Pou vèsyon ki pi resan lis sa a vizite mass.gov/lists/ori-resources

Remak: Fè atansyon ak òganizasyon ki pretann yo ofri èd imigrasyon, paske yo ka fo. Ou ka itilize paj sa a pou jwenn òganizasyon ou fè konfyans.

Ajans Relokalizasyon Yo

Ajans relokalizasyon yo bay sipò pou ede refijye yo etabli yo nan novo kominote yo. Òganizasyon sa yo ka ede sèlman fanmi ki elijib yo epi yo ka gen yon lis datant. Ou ka kontakte yo dirèkteman pou wè si ou elijib.

Non Ajans lan	Sit Entènèt	Nimewo Telefòn
International Institute of New England (IINE)	iine.org	Lowell: (978) 459-9031 Boston: (617) 695-9990
Ascentria	ascentria.org	Worcester: (774) 243-3100 West Springfield: (413) 562-6015
Catholic Charities of Boston	ccab.org	Boston: (617) 464-8500
Catholic Charities of Springfield	diospringfield.org/Ministries/cca	Springfield: (413) 452-0606
Organization for Immigrant and Refugee Success (ORIS)	refugesuccess.org	Worcester: (508) 595-8695
Refugee and Immigrant Assistance Center (RIAC)	riacboston.org	Boston: (617) 238-2430 Worcester: (508) 756-7557
Jewish and Family Services of Western Massachusetts	jfswm.org	Springfield: (413) 737-2602
Jewish and Family Services of MetroWest	jfsmw.org	Framingham: (508) 875-3100

Kilnik Legal Gratis nan zafè Imigrasyon

Òganizasyon sa yo gen kilnik gratis pou èd nan zafè imigrasyon. Asire ou ou rele davans pou chèche konnen ki lè kilnik yo ap fèt.

Vil / Rejon	Non òganizasyon an	Adrès	Nimewo Telefòn
Cambridge	De Novo: Center for Justice and Healing	47 Thorndike St, Suite. SB-LL-1, Cambridge, MA 02141	(617) 661-1010
Boston	Mayor's Office for Immigrant Advancement	1 City Hall Sq Boston, MA 02110	(617) 635-2980
Lowell, Lawrence & North Shore	New England Justice for Our Neighbors		(617) 794-7024
Springfield & Western MA	New England Justice for Our Neighbors		(413) 386-9951
Worcester	New England Justice for Our Neighbors		(978) 400-2126
Statewide	Rian Immigrant Center	1 State. St, Ste. 800 Boston, MA 02109	(617) 542-7654 ext. 82



Lòt Sipò nan zafè Imigrasyon

Sa yo se òganizasyon moun fè konfyans atravè eta a ki ofri èd nan zafè imigrasyon. Gen anpil demann pou èd nan zafè imigrasyon, kidonk kèk òganizasyon ka pa aksepte nouvo kliyan, oswa yo ka gen yon lis datant. Ou ka kontakte òganizasyon sa yo dirèkteman pou chèche konnen si yo kapab ede.

BOSTON

Action for Boston Community Development, Inc.

21 Meridian St. East Boston, MA 02128 // 617-567-8857
714 Parker St. Roxbury, MA 02120 // 617-445-6000
535 River St Mattapan, MA 02126 // 617-298-2045
554 Columbus Ave. Boston, MA 02118 // 617-267-7400

African Immigration Services Inc.

524 River Street, Suite 500 Mattapan, MA 02126 // 617-332-6704

Agencia ALPHA

62 Northampton St., 1st Fl. (H-101), Boston, MA 02118 //
617-522-6382
East Boston Branch at Iglesia NuevaVida: 70 White St. East
Boston, MA 02128 // 617-522-6382

Asian American Civic Association

87 Tyler St., 5th Fl., Boston, MA 02111 // 617-426-9492

ATASK: Asian Task Force Against Domestic Violence (pou Sivivan Vyolans Domestik Sèlman)

PO Box 120108 Boston, MA 02112 // 617-338-2355

Brazilian Women's Group

697 Cambridge St, Ste. 106, Brighton, MA 02135 // 617-202-5775

Brazilian Worker Center

14 Harvard Ave., Allston, MA 02134 // 617-783-8001 ext. 101

Catholic Charities of Boston

275 W. Broadway South Boston, MA 02127 // 617-464-8500
Immigration Court Help Desk: 617-464-8000

Centro Presente

12 Bennington St., Ste. East Boston, MA 02128
857-256-2981

East Boston Ecumenical Community Council

50 Meridian St. East Boston, MA 02128 // 617-567-2750

CAMBRIDGE

De Novo: Center for Justice and Healing

47 Thorndike St., Ste. SB-LL-1, Cambridge, MA 02141
617-661-1010

Chelsea Legal Services

Arlington St. Fl. 2., Chelsea, MA 02150 // 617-466-3037

HarborCOV (pou Sivivan Vyolans Domestik Sèlman)

P.O. Box 505754 Chelsea, MA 02150 // 617-884-9799

Greater Boston Legal Services

197 Zanmi St. Boston, MA 02114 // 617-371-1234

Immigrant Connection at Awaken City

184 Hyde Park Ave. Jamaica Plain, MA 02130 // 617-535-3139

Immigrant Family Services Institute

1626 Blue Hill Ave. Mattapan, MA 02126 // 617-322-1348

Justice Bridge Legal Center UMass School of Law

67 Batterymarch St, LL, Boston MA 02110 // 617-860-3414

Mabel Center for Immigrant Justice

200 Portland St. 5th Floor, Boston, MA 02114 // 617-417-4325

MA Immigrant and Refugee Advocacy Coalition

(asistans pou sitwayènte ak DACA sèlman)

Chauncy St., Ste. 901, Boston, MA 02111 // 617-350-5480

Political Asylum/Immigration Representation Project

98 N. Washington St. Boston, MA 02114 // 617-742-9296

Project Citizenship (asistans pou sitwayènte sèlman)

11 Beacon St. Suite 720, Boston, MA 02108 // 617-694-5949

Somali Development Center

10 Malcolm X Blvd., 2yèm Fl., Boston, MA 02119 // 617-522-0700

Rian Immigrant Center

1 State St., Ste. 800, Boston, MA 02109 // 617-542-7654 ext. 82

VACA: Vietnamese American Civic Association

42 Charles St. Dorchester, MA 02122 // 617-288-7344

Victim Rights Law Center (Sivivan Agresyon Seksyèl)

PO Box 962158, Boston, MA 02196 // 617-399-6720 ext. 19

CHELSEA/EVERETT

La Colaborativa (asistans pou sitwayènte sèlman)

318 Broadway Chelsea, MA 02150 // 617-889-6080

LUMA: Latinos Unidos en Massachusetts

198 Ferry St. Everett, MA 02149 // 617-381-0015



LAWRENCE, LOWELL & LYNN

Lawrence Family Development & Education Fund, Inc.

400 Haverhill St., Lawrence, MA 01841 // 978-794-5399

New American Association of Massachusetts (*asistans pou sitwayènte sèlman*)

330 Lynnway, Suite 302 Lynn, MA 01901 // 781-593-0100

Northeast Justice Center

50 Island St., Ste. 203B, Lawrence, MA 01840 // 978-458-1465

181 Union St., Ste. 201B, Lynn, MA 01901 // 978-458-1465

79 Merrimack St., Ste. 302, Lowell, MA 01852 // 978-458-1465

Open Door Immigration Services

10 Dane St., Beverly, MA 01915 // 978-414-5732

FRAMINGHAM & WALTHAM

Jewish Family and Children's Service

1430 Main St. Waltham, MA 02451 // 781-647-5327

MetroWest Legal Services

63 Fountain, 304, Framingham MA 01702 // 508-620-1830

TRII: The Right to Immigration Institute

14b Felton St. Waltham, MA 024530 // 781-209-0183

SOUTH COAST

Catholic Social Services of Fall River

1600 Bay St. Fall River, MA 02724 // 508-674-4681

Community Action Committee of Cape Cod & Islands

372 North St. Hyannis, MA 02601 // 508-771-1727

DOVE (*pou Sivivan Vyolans Domestik Sèlman*)

P.O. Box 690267 Quincy, MA 02269 // 617-770-4065 ext. 400

Immigrant's Assistance Center, Inc.

58 Crapo St. New Bedford, MA 02740 // 508-996-8113

Justice Bridge Legal Center UMass School of Law

257 Union St. New Bedford, MA 02740 // 508-449-9296

Justice Center of Southeast Massachusetts

62 Main St., Ste. 302, Brockton, MA 02301 // 508-586-2110

CENTRAL MASSACHUSETTS

Community Legal Aid/Central West Justice

405 Main St., 3rd Fl., Worcester, MA 01608 // 800-649-3718

WESTERN MASSACHUSETTS

Berkshire Immigrant Center

67 East St. Pittsfield, MA 01201 // 413-445-4881

Catholic Charities of Springfield

65 Elliot St. Springfield, MA 01105 // 413-452-0626

Center for New Americans

42 Gothic St. Northampton, MA 01060 // 413-587-0084

150 Fearing St. Amherst, MA 01002 // 413-239-9550

278 Main St., Ste. 411, Greenfield, MA 01301 // 413-772-0055

Community Legal Aid/Central West Justice

1 Monarch Pl., Ste. 350, Springfield MA 01144 // 800-649-3718

152 North Street, E155 Pittsfield, MA 01201 // 800-649-3718

20 Hampton Ave. Northampton, MA 01060 // 800-649-3718

Victim Rights Law Center (*Sivivan Agresyon Seksyèl*)

PO Box 1700 Belchertown, MA 01007 // 413-842-4020

CHILDREN AND YOUTH LEGAL SUPPORT

Ascentria Care Alliance (*minè ki pa akonpaye*)

230 Second Ave., Ste. 125, Waltham, MA 02451 // 781-373-9152

KIND: Kids In Need of Defense

11 Beacon St., Ste. 820., Boston, MA 02108 // 617-207-4138

Children's Law Center of Massachusetts

298 Union St. #2 Lynn, MA 01901 // 781-581-1977



Resous Alimantè

Si w gen difikilte pou jwenn manje, gen èd ki disponib. Anba a ou pral jwenn opsyon pou ede w peye pou manje, ansanm ak kote ou ka jwenn manje pou fanmi ou nan pri ki ba oswa gratis.

Asistans Alimantè (SNAP)

Ki sa SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) se yon pwogram sante alimantè federal Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) pou rezidan Massachusetts yo.

Pami avantaj SNAP yo genyen:

- Lajan pou achte manje ki sen.
- Yo ajoute lajan chak mwa sou yon kat Transfè Avantaj Elektwonik ki tankou yon kat debi (EBT).
- Li rapid e fasil pou aplike.
- Lajan yo ajoute chak mwa sou yon kat Transfè Avantaj Elektwonik (EBT) ki tankou yon kat debi pou achte manje
- Yo mete plis lajan sou kat ou lè ou achte pwodui lokal atravè Pwogram Ensitasyon ki Sen (HIP)
- SNAP Path to Work edikasyon ak opòtinite fòmasyon gratis, Fanmi ki patisipe yo ka an mezi pou jwenn swen timoun gratis.

Koneksyon ak lòt kalite èd, tankou:

- Rabè Sèvis Biblik
- Manje lekòl gratis
- Kalifikasyon dirèk pou gadri Head Start (www.mass.gov/HeadStart)
- Rabè Entènèt atravè Pwogram Koneksyon Abòdab la
- Tikè a pri redui pou anpil mize leta ak espas kiltirèl ak Kat EBT pou Kilti

Èske mwen elijib pou SNAP?

Elijiblite SNAP baze sou moun ki nan fwaye a, revni ak sèten depans. "Elijiblite" vle di ki moun ki ka epi ki pa ka jwenn avantaj la. Verifye elijiblite w nan 30 segonn lè w itilize ekran konfidansyèl SNAP la nan DTACConnect.com.

Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou ka toujou elijib pou SNAP. Kontakte DTA pou chèche konnen si ou elijib.

Si ou pa yon sitwayen ameriken oswa yon imigran ki elijib, pa gen danje pou ou aplike epi jwenn SNAP pou yon manm fanmi ki elijib (tankou yon timoun ki gen nasyonnalite ameriken). SNAP pa fè pati yon tès chaj publik. Sa vle di pran avantaj SNAP pa pral afekte kapasite w pou w jwenn estati rezidan pèmanan.

Ki jan mwen ka aplike pou SNAP?

Sou entènèt: DTACConnect.com (ou ka chwazi lang ou sou paj la: Panyòl, Pòtigè, Vyetnamyen, Chinwa ak Kreyòl Ayisyen)

Telefòn: Rele 877-382-2363 Mon – Fri 8:15 am -4:45 pm

An pèsòn: Jwenn yon anplasman biwo DTA nan www.mass.gov/ContactDTA

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa mande yon aplikasyon sou papye: www.mass.gov/SNAP oswa rele nimewo ki anwo a.



WIC (Pwogram Nitrisyon Fanm, Tibebe, ak Timoun)

Ki sa WIC ye?

Pwogram Nitrisyon Fanm, Tibebe, ak Timoun, yo rele tou WIC, se yon pwogram nitrisyon ki bay manje ki sen, edikasyon sou nitrisyon, sipò pou alètman, ak referans pou swen sante ak lòt sèvis gratis pou fanmi Massachusetts ki kalifye yo.

Èske mwen elijib pou WIC?

SNAP disponib kèleswa sitiyasyon imigrasyon oswa sitwayènte. WIC se pou tout kalite fanmi: paran marye ak paran selibatè, k ap travay oswa ki p ap travay. Si ou se yon paran oswa responsab legal yon timoun ki poko gen 5 ane, ou ka aplike pou WIC pou pitit ou a.

Ou ka patisipe nan WIC si ou:

- Ap viv nan Massachusetts
- Gen yon bezwen nitrisyonèl (anplwaye WIC ka ede w detèmine sa)
- Se yon paran (papa oswa manman) oswa moun k ap bay swen timoun ki poko gen 5 ane
- Se yon manman ansent
- Gen yon revni familyal ki mwens pase sa ki nan direktiv WIC yo

Ou otomatikman elijib pou WIC si w resevwa kounye a:

- Plan asirans MassHealth/Medicaid
- Pwogram Asistans Siplemantè sou Nitrisyon
- Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (TAFDC) oswa asistans lajan kach

Ki jan pou mwen aplike pou WIC?

Sou entènèt: mass.gov/WIC

Nan ba ble ki anwo a, kliké sou ‘Select Language’ (Chwazi yon Lang). Yon lis pral louvri pou chwazi lang ou ladan)

Telefòn: (800) 942-1007, lendi jiska vandredi 9 am-5 pm. Si w tande yon anrejistreman, tanpri kite yon mesaj avèk non w ak nimewo telefòn ou. Ou ka rele Biwo WIC Lokal ou a tou dirèkteman. Tout pwogram lokal yo ap reponn telefòn ak/oswa retounen mesaj.

An pèsòn: Jwenn biwo WIC lokal ou a nan www.mass.gov/WICoffices

Depo Manje

Ki sa yon depo manje ye?

Yon depo manje se yon sant distribisyon kote fanmi ki grangou yo ka resevwa manje. Depo manje yo disponib nan pri ki ba oswa gratis pou fanmi yo.

Ki kote mwen ka jwenn depo manje tou pre mwen?

Pou jwenn depo manje tou pre ou, ale sou helpsteps.com/#/ oswa kontakte Mass 211 pou referans: mass211.org; 877-211-6277.



Pwogram Lojman yo

Si ou nan yon sitiayson lojman ijans, ou ka kontakte 211 pou wè si gen resous chèltè ki pa EEA nan zòn ou an.
Mass 211: mass211.org; 877-211-6277.

Resous pou chèche lojman

- Navigatè Lojman ofri yon lis lojman abòdab
- www.HousingNavigatorMA.org

Pwogram Lojman Massachusetts

Massachusetts gen yon seri pwogram lojman, ki rezime isit la: www.mass.gov/HousingPrograms.

Majorite pwogram sa yo gen lis datant long. Nou fòtman rekòmande pou w enskribb nan lis sa yo kòm yon estrateji lojman *alontèm*, men pwogram sa yo pi souvan pa ofri solisyon lojman imeda.

HomeBASE

Pwogram HomeBASE ki fèk reamenaje a ede fanmi ki te jwenn elijib pou Chèltè Familyal EA nan bay jiska \$ 30,000 sou yon peryòd 2 ane, ak posibilité pou yon twazyèm ane ki rive jiska \$ 15,000 èd (total \$ 45,000 sou twa ane).

Ou peye omwen 30% nan revni brit ou chak mwa pou lwave. Ou pa bezwen gen revni kounye a pou w kòmanse itilize HomeBASE. Ou ka travay avèk manadjè ka w la pou ogmante revni w yon fwa ou an sekirite.

Nan resous lojman leta ki disponib pou fanmi ki sanzabri yo, HomeBASE se fason ki pi disponib imedyatman pou jwenn lojman pou pifò moun.

Ou ka itilize HomeBASE pou lwe yon apatman, pataje yon apatman ak yon lòt fanmi oswa peye yon envite pou viv avèk yo. Ou ka itilize li tou pou deplase ale nan yon lòt eta. Lè w demenaje soti nan eta li pral peye premye mwa ou ak dènye mwa lwave ak depo garanti a, ansanm ak depans vwayaj pa otobis oswa avyon. Li pral sèlman bay asistans lwave kontinyèl nan eta Massachusetts sa a.

Lè ou aksepte HomeBASE, **ou kenbe estati sanzabri ou pou lojman piblik eta a ak koupon (MRVP)**. Ou pa kenbe estati sanzabri ou pou inite ki finanse federalman.

Pou Plis Enfòmasyon:

- mass.gov/HomeBASE
- mass.gov/HomeBASEforLandlords (yon paj ou ka pataje ak pwopriyetè potansyèl yo)

Yon Remak sou Koupon Lojman

Ou ka tande nan men lòt fanmi k ap viv nan chèltè yo te resevwa yon koupon lojman ("Seksyon 8" oswa "MRVP"). Sistèm chèltè EA a te resevwa yon gwooup yon sèl-fwa 1,200 Koupon Lojman pou distribye bay fanmi yo. Sa a te yon alokasyon ijans pou sipòte fè espas nan chèltè pou fanmi yo sou lis datant Chèltè EA a. Pifò nan koupon sa yo te deja distribye. Ou pa ta dwe konte sou resevwa yon koupon etandone disponiblite a trè limite.

Tout fanmi yo ka aplike pou koupon lojman dirèkteman atravè pwogram MRVP oswa Seksyon 8 (vizite: mass.gov/HousingPrograms). Menm jan ak lojman piblik, pwogram sa yo gen lis datant long, men sèl fason pou yo konsidere w pou resevwa yon koupon se pou w sou lis datant lan, kidonk li enpòtan pou w enskri.



Resous kominotè

Kominote Kiltirèl yo

Jwenn kominote kiltirèl yo pral ede ou menm ak fanmi ou santi nou plis lakay nou epi entegre nan zòn nou an. Identife moun pou konekte nan yon novo zòn mande efò ak tan. Tanpri gade sit sa a pou jwenn yon kominote kiltirèl nan zòn ou an: <https://massculturalcouncil.org/communities/local-cultural-council-program/find-your-lcc/>

- **Chèche ak Eksplor sou Entènèt:** Chèche sant kominotè lokal nan zòn ou an. Chèche sou entènèt evènman, rasanbleman, oswa gwoup ki enterese w.
- **Vizite Sant Kiltirèl ak Evènman:** Ale nan festival kiltirèl, oswa evènman nan novo zòn ou an. Se yon bon fason pou rankontre moun tout orijin.
- **Patisipe nan Pwogram Lang oswa Echanj Kiltirèl:** Anpil kominote ofri kou aprantisaj anglè. Ou ka rankontre novo moun tout orijin.
- **Se pou w ouvè ak respekye:** abòde novo kilti ak yon lespri ouvèti ak respè pou divèsite.

Resous pou Manm Fanmi ki gen Andikap Entelektyèl oswa Devlopman

Depatman Sèvis Devlopman (DDS) finanse pwogram ak sèvis sipò pou fanmi ak otis atravè eta a pou bay enfòmasyon ak èd pou fanmi ki gen timoun ak granmoun ki gen andikap entelektyèl ak devlopman, tankou twoub espèk otis, ki ap viv lakay yo.

Pou resous ki pi ajou pou Depatman Sèvis Devlopman (DDS): www.mass.gov/DDSFamilySupport

Defile desann nan "Anyè Sipò pou Fanmi". Ou ka telechaje anyè a pou jwenn sipò nan zòn ou an.

Sant Resous pou Fanmi yo

Sant Resous pou Fanmi yo finanse pa Commonwealth atravè Massachusetts pou sipòte fanmi yo aksede a bezwen ak resous debaz yo.

Pou w jwenn yon kote toupre w, vizite: FRCMA.org

Òganis Byenfezans nan Zòn nan

Massachusetts gen òganis byenfezans ak òganizasyon ki bay sipò pou moun ki bezwen li. Tanpri vizite mass211.org oswa rele 211 nan **877-211-6277** pou jwenn resous posib nan zòn ou an. Ou pral kapab jwenn resous soti nan gadri ale nan manje, an pasan pa transpò nan novo zòn ou an.

Plis enfòmasyon

Pou yon vèsyon ajou sou entènèt enfòmasyon ki nan pake sa a, tanpri vizite www.mass.gov/EAFamilyResources.